



Pou Piblikasyon Imedya: 08/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN MITAN PANDEMI COVID-19 KI GENYEN KOUNYE A, GOUVÈNÈ CUOMO
MANDE POU YO FLOTE DRAPÒ A DEMI MA ANLONÈ MOUN NOU PÈDI YO
POUTÈT COVID-19**

Drapò yo ap rete bese pandan New York sou PÒZ

Y ap limen an ble Pon Kosciuszko, Pon Governor Mario M. Cuomo, flèch One World Trade Center a ak pakin yo nan Ayewopò LaGuardia nan jedi 9 avril nan kad kanpay #LightItBlue a

L anonse Prezidan SUNY Albany an Havidan Rodriguez pral travay avèk Depatman Sante Eta a ak Northwell Health pou fè plis rechèch sou done COVID-19 yo epi fè plis tès nan kominote minorite yo

Li mande Depatman Travay Eta a pou li mete 600 dola anplis alokasyon chomaj pa semèn disponib pou tout Nouyòkè yo -- li pwolonje peryòd alokasyon chomaj la kouvri an pou yon lòt 13 semèn, pou yon total 39 semèn

Gouvènè a pral pibliye yon Dekrè Egzekitif pou garanti Nouyòkè yo kapab vote pandan yo absan nan eleksyon primè yo nan dat 23 jen an

Eta a resevwa kòm kado 2,400 aparèy pou ede respire ak de nivo presyon (BiPAP) tou nèf nan men Mercury Medical, k ap vini pa avyon nan New York soti nan Florida gratis sou JetBlue epi Southern Glazer's ap transpòte yo pa wout

L anonse Delta, JetBlue ak United ap ofri vwayaj gratis pou ale New York pou travayè medikal COVID-19 yo

Eta a distribye gratis plis pase yon milyon boutèy dezenfektan pou men NYS Clean nan toulè 62 konte yo

Li konfime 10,453 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 149,316; gen nouvo ka nan 52 Konte

Nan mitan pandemi COVID-19 ki genyen kounye a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande jedi a pou drapò ki sou bilding gouvènman eta a flote a demi ma anlonè moun nou pèdi yo poutèt COVID-19. Drapò yo ap rete bese pandan New York sou pòz.

Gouvènè Cuomo te anonse tou nan jedi 9 avril y ap limen an ble Pon Kosciuszko, Pon Governor Mario M. Cuomo, flèch One World Trade Center a ak pakin yo nan Ayewopò

LaGuardia nan kad kanpay #LightItBlue a. Inisyativ la limen an menm tan bilding, moniman ak ekran LED toupatou nan Etazini pou montre soutyen ak rekonesans pou pwofesyonèl medikal ak travayè esansyèl sa yo ki sou premye liy nan epi pou kreye yon senbòl inivèsèl solidarite ak lespwa.

Gouvènè a te anonse tou Prezidan SUNY Albany an Havidan Rodriguez pral travay avèk Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a ak Northwell Health pou fè plis rechèch sou done COVID-19 yo ak plis tès nan kominote minorite yo pou konnen poukisa gen plis moun nan kominote minorite ak revni fèb yo ki enfekte.

Gouvènè Cuomo te mande Depatman Travay (Department of Labor) Eta a tou pou li mete disponib touswit 600 dola anplis alokasyon chomaj pa semèn pou tout Nouyòkè yo. Alokasyon anplis yo te nan Lwa Federal sou Éd, Reparasyon, ak Sekirite Ekonomik Pandan Kowonaviris la (Coronavirus Aid, Relief, and Economic Security Act, CARES Act), men, okontrè lòt eta yo, New York te kòmanse bay moun asirans chomaj anplis la anvan yo debouse fon federal yo bay eta yo. New York ap pwolonje tou peryòd alokasyon chomaj la kouvri an pou yon lòt 13 semèn, pou yon total 39 semèn.

Gouvènè a te anonse tou li pral pibliye yon Dekrè Egzekitif pou garanti Nouyòkè yo kapab vote pa bilten vòt elektè ki absan nan eleksyon primè yo nan dat 23 jen an. Anvan sa Gouvènè a te pibliye yon Dekrè Egzekitif pou ranvwaye eleksyon primè prezidansyèl la soti 28 avril pou mete li 23 jen, sa ki amonize li avèk eleksyon primè lejislatif ak pou kongrè a nan New York.

Gouvènè a te anonse tou eta a resevwa kòm kado 2,400 aparèy BiPAP tou nèf nan men Mercury Medical, k ap vini pa avyon nan New York soti nan Florida gratis sou JetBlue epi Southern Glazer's ap transpòte yo pa wout.

Gouvènè a te anonse tou Delta, JetBlue ak United ap ofri vwayaj gratis pou ale New York pou travayè medikal COVID-19 yo. Jiskaprezan, gen plis pase 90,000 pwofesyonèl medikal, pami yo plis pase 25,000 moun ki soti andeyò eta a, ki enskri pou sèvi nan kad fòs medikal eta a pandan pandemi COVID-19 ki genyen kounye a.

Gouvènè a te anonse tou eta a distribye gratis plis pase yon milyon boutèy dezenfektan pou men NYS Clean nan toulè 62 konte yo nan eta a. Yo distribye dezenfektan pou men an bay jesyonè ijans konte a, premye entèvenan yo, travayè medikal yo, kay retrèt yo, fòs de lòd yo, òganizasyon pou moun ki pa gen kay yo ak lòt òganizasyon ki pa gen bi fè pwofi, sistèm transpò tankou paregzanp MTA, Otorite Pòtyè (Port Authority), Thruway ak lòt antite transpò piblik toupatou nan eta a.

"N ap plati koub la poutèt nou estrik nan zafè distans sosyal la, epi si nou kontinye fè sa n ap fè a, nou kwè koub la ap kontinye plati, men se pa moman pou nou vin satisfè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sa se bon nouvèl la, men move nouvèl la terib - kantite lanmò yo ogmante san rete epi li rive yon nouvo wotè ayè. Chak chif gen yon figi epi nou pèdi tèlman moun, anpil nan yo travayè nan premye liy nan ki mete tèt yo an danje pou egzès fonksyon esansyèl nou tout bezwen yo pou sosyete a kontinye. Anlonè moun nou pèdi yo poutèt viris la, mwen mande pou tout drapo flote a demi ma. Epi m ap kontinye ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo responsab, respekte tout pwotokòl distans sosyal yo epi sonje lavi w ap mete an danje a gen dwa se pa pa w la."

Finalman, Gouvènè a te konfime 10,453 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 149,316 ka konfime nan Eta New York. Nan total 149,316 moun tè s yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	342	9
Allegany	21	4
Broome	88	2
Cattaraugus	15	2
Cayuga	14	0
Chautauqua	17	1
Chemung	55	6
Chenango	53	2
Clinton	39	2
Columbia	63	2
Cortland	16	0
Delaware	37	1
Dutchess	1,395	146
Erie	1,205	70
Essex	7	0
Franklin	10	0
Fulton	14	1
Genesee	47	14
Greene	25	1
Hamilton	2	0
Herkimer	29	2
Jefferson	40	1
Lewis	6	0
Livingston	25	2
Madison	90	2
Monroe	651	55
Montgomery	18	0
Nassau	18,548	1,938
Niagara	134	8
NYC	81,803	4,927
Oneida	125	7
Onondaga	347	12
Ontario	39	6

Orange	3,865	266
Orleans	16	1
Oswego	33	2
Otsego	38	4
Putnam	403	37
Rensselaer	75	8
Rockland	6,413	423
Saratoga	162	7
Schenectady	149	4
Schoharie	12	0
Schuyler	4	0
Seneca	12	2
St. Lawrence	69	9
Steuben	82	7
Suffolk	15,844	1,327
Sullivan	279	9
Tioga	12	4
Tompkins	99	2
Ulster	422	24
Warren	33	2
Washington	20	1
Wayne	39	4
Westchester	15,887	1,083
Wyoming	27	4
Yates	1	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)